

# KOMITE EDIKASYON

City Hall - 45 Lyon Terrace

Bridgeport, Connecticut 06604



« N apSòMoun pou AcheveEkselansAnsanm »

**TI PALE NAN KOMINITE A SOU SEKIRITE NAN LEKÒL  
LEKÒL CESAR BATALLA  
7 MAS 2018 @ 5:30 pm**

ARESTA L. JOHNSON, Ed.D.  
Sivèyan Lekòlyo

MANM KOMITE YO

JOHN R. WELDON  
Prezidan

HERNAN ILLINGWORTH  
PrezidanAdjwen

JESSICA MARTINEZ  
Sekretè

MANM KOMITE YO

MARIA PEREIRA

DENNIS BRADLEY, ESQ.

BEN WALKER

SYBIL ALLEN

JOSEPH SOKOLOVIC

CHRIS TAYLOR

2 mas 2018

Chè Fanmi Lekòl Piblik Bridgeport,

Fiziyad eskòlè trajik ki te rive nan Florid te lakòz yon pakèt emosyon tankou laperèz, enkredilite, chagren, ak gwo lapenn. Lekòl nou yo se yon refij kote elèv yo ta dwe kapab aprann, grandi e fleri san enkyetid oswa pè. Pandan moman delika sa yo, se enpòtan pou lekòl yo, paran yo, anplwaye yo ak moun ki envèsti nan kominote a rete tennfas epi yo toujou vijilan nan efò nou fè pou asire sekirite kominote lekòl nou an.

Definisyon "edikasyon" se "yon eksperyans enstriktif" e objektif nou se kreye moun ki chita byen nan kilti a e ki motive pou yo pwodiktif sou plan sivik, ki kontribye bay sosyete nou an kote yo gen yon vwa ki respekte. Elèv enspiran nan Florid yo te lanse nan aktivis e nou te sèzi wè fòs, kouraj, ak andirans yo pandan moman sa kote vyolans nan lekòl ap boulvèse peyi a. Elèv toupatou nan peyi a òganize yon Sòti Nasyonal pou 14 mas<sup>èm</sup> a 10:00 am pou rekonèt e onore 17 viktim ki pèdi lavi yo nan Florid. BPS ap sipòte jènjan nou yo ansanm ak anplwaye yo, e anmenmtan y ap kenbe sekirite kòm priorite. Lekòl segondè nou yo ap travay avèk depatman konsèy elèv yo pou yo jwenn fason ki pi reflechi pou pèmèt nou tande e respekte vwa elèv nou yo pandan tan sa a. Epitou nou pral sipòte asanble elèv yo epi ankouraje elèv yo pou yo konpoze lèt bay moun ki fè lwa nou yo, lèt ki mete aksan sou enkyetid yo parapò ak sekirite lekòl la.

An kolaborasyon avèk Ekip Ijans pou Vil Bridgeport ansanm ak Depatman Lapolis Bridgeport nou ap reponn tout kòmantè oswa post nan medya sosyal ki ka presante yon menas pou sekirite ak byennèt elèv ak/oswa anplwaye yo. Kidonk, nou mande ke moun yo rapòte tout menas yo dirèkteman bay Depatman Lapolis Bridgeport ak ofisyèl lekòl yo- si ou tande/wè yon bagay, di yon bagay. Nou toujou repete mesaj sa bay avèk elèv nou yo epi nou bezwen èd ou anndan kay la.

- **Rasire timoun yo ke yo an sekirite** epi pale avèk pitit ou sou ensidan lokal e nasyonal ki resan yo. Eksplike ke santiman tankou tristès, kòlè, desepsyon, ak laperèz ka reyaksyon nòmal pou trajedi pou timoun ak granmoun.
- **Konnen ki sit entènèt ak sit medya sosyal pitit ou a ap itilize** e obsève post yo, ki moun y ap swiv, e moun k ap swiv yo
- **Fè yo byen konnen ke nou pa pran fè menas pou yon jwèt** e ke gen konsekans grav
- **Remake si gen chanjman nan konpòtman** epi chèche èd si pitit ou a bezwen asistans pou fè fas ak enkyetid oswa santi l an sekirite.

- *Kenbe kominikasyon ouvè avèk pitit ou yo* epi ankouraje yo di ou oswa yon lòt granmoun ou fè konfyans si yo vin okouran de yon menas oswa rimè vyolans.
- *Asire ke enfòmasyon lekòl la gen sou ou ajou*, sa pèmèt lekòl la kontakte ou nan ka ijans

- Pale ak Timoun de Vyolans: Konsèy pou Paran ak Pwofesè yo** - Atik sa a bay paran ak pwofesè yo enfòmasyon pou soutni dyalòg sou vyolans nan lekòl la. Gen plizyè pwèn kle pou diskisyon e aksan yo nan lis. Tanpri note aksan yo mete sou limite kantite yo gade evènman yo sou televizyon. Donk, siveyans sou medya sosyal se yon bagay enpòtan pou konsidere paske gade tèl imaj riske bay elèv yo chòk oswa detrès sikolojik. Lòt dokiman tradui, nan lang Panyòl, Koreyen, Vyetnamiyen, Franse, Amaryen, Chinwa, Pòtigè, Somali, Arab ak Kidich, disponib sou sit entènèt NASP si ou desann anba paj la.  
<http://www.nasponline.org/resources-and-publications/resources/school-safety-and-crisis/talking-to-children-about-violence-tips-for-parents-and-teachers> e <https://www.nasponline.org/resources-and-publications/resources/school-safety-and-crisis/social-media-and-school-crises>
- Regle Gwo Reyaksyon Emosyonèl parapò ak Evènman Twomatik : Konsèy pou fanmi ak pwofesè :** Atik sa a bay yon ide jeneral de reyaksyon komen pou moun ki gen chòk, repons kòlè ak estrateji pou siviv, ak siy avètisman pou gwo chòk emosyonèl. Timoun ki te soufri chòk deja ka gen reyaksyon pi fò apre evènman sa yo epi yo gendwa gen siy detrès ki pi grav. <http://www.oleyvalleyisd.org/wp-content/uploads/2018/02/Managing-Strong-Emotions-to-Traumatic-Events.pdf>
- 211**  
 2-1-1 se resous inik pou jwenn sèvis lokal ou bezwen, tankou asistans èd ak bil yo, manje, lojman, swen pou timoun, pwogram apre lekòl, swen granmoun aje, entèvansyon kriz ak lòt bagay ankò. 2-1-1 toujou pare pou ede ou jwenn èd ou bezwen  
<http://uwc.211ct.org/about/>
- Gidans pou Timoun ak Fanmi**  
 Bay timoun yo ak fanmi yo swen sante mantal ak sipò konplèmantè ki apwopriye pou kilti yo.  
 Klinik ak Biwo Administratif Bridgeport la  
 180 Fairfield Avenue  
 Bridgeport, CT 06604  
 Telefòn: (203) 394 6529  
<http://cfguidance.com/>
- LifeBridge**  
 LifeBridge bay granmoun, jèn, ak fanmi zouti yo bezwen pou yo fè fas, adapte, epi simonte defi. Sèvis konpreyansif yo sipòte moun k ap goumen ak pwoblèm pèsònèl, defi nan fanmi, vyolans nan kay, twoma, pèt, ak chomaj nan klinik sante moun ka vizite san randevou yo nan zòn Bridgeport la.  
 Pwogram Sante Konpòtman  
 203-368-5540  
 Enfòmasyon sou Sante Konpòtman  
 203-368-5598  
<http://www.lifebridgect.org>

Mèsi davans pou met tèt ansanm ak BPS pandan n ap travay ansanm pou kenbe kominote lekòl yo an sekirite.

Kòdyalman,  
 Aresta L. Johnson  
 Bridgeport Sivèyan Lekòl Piblik yo